

REPUBLIQUE DU BURUNDI



PRESIDENCE DE LA REPUBLIQUE
Secrétariat Général de l'Etat

ITANGAZO RY'INAMA Y'ABASHIKIRANGANJI N°06 YO KU WA KABIRI IGENEKEREZO RYA 05 NDAMUKIZA 2022

Inama y'Abashikiranganji yarakoranye kuri uyu wa Kabiri igenekerezo rya 05 Ndamukiza 2022, i Bujumbura, irongowe na Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu, Jenerari Majoro Varisito NDAYISHIMIYE.

Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu ahejeje gushikiriza urutonde rw'ivyihwezwa muri iyo nama, yaciye aha umwanya Nyakwubahwa Umushikiranganji wa Mbere ngo ashikirize ivyavuye mu nama nteguza y'iyi nama nshikiranganji, yarongoye kw'igenekerezo rya 04 Ndamukiza 2022, ivyihwejwe navyo bikaba ari ivyari ku rutonde rw'ivyigwa.

Ivyihwejwe navyo ni ibi bikurikira:

- 1. Indinganizo y'imigambi izorangurwa mu bushikiranganji bujejwe imigabo n'imigambi y'ishirahamwe ry'ibihugu vyo muri Afrika yo mu buseruko, urwaruka, inkino n'imico kama, yashikirijwe n'Umushikiranganji ajejwe ubudandaji mu kibanza c'umushikiranganji ajejwe imigabo n'imigambi y'ishirahamwe ry'ibihugu vyo muri Afrika yo mu buseruko, urwaruka, inkino n'imico kama yari yafatiriwe.**

Hisunzwe ihangiro ryo kugira Uburundi butere imbere, bufise uruhara rugaragara mw'ishirahamwe ry'ibihugu vyo muri Afrika y'Ubuseruko, urwaruka rubayeho neza, inkino ziteye imbere n'imico kama ikingiwe, ubushikiranganji bujejwe imigabo n'imigambi y'ishirahamwe ry'ibihugu vyo muri Afrika yo mu Buseruko, urwaruka, inkino n'imico kama buhamagarirwa kuraba ko Uburundi bwinjiye koko muri uwo muryango no gutunganya imigambi y'igihugu mu bijanye n'urwaruka, inkino n'imico kama.

Ni muri iyi ntumbero iyi ndinganizo yateguwe.

Iyi ndinganizo irisunga Umugambi w'igihugu w'iterambere, ukaba ariwo wisungwa mu gutegekanya imigambi y'iterambere mu bisata bitandukanye, be n'ibindi bitabu ntunganyamigambi ku rwego rw'akarere na mpuzamakungu.

Iyi ndinganizo irerekana ibibazo biri mu gisata kimwe kimwe cose ubwo bushiranganji bushinzwe navyo bibaka ari ibi :

- Ikijewe iyinjira ry'Uburundi mw'ishirahamwe ry'ibihugu vyo muri Afrika y'Ubuseruko,
- Ikijewe urwaruka,
- Ikijewe inkino,
- Ikijewe imico kama

Irerekana kandi ibikwiye gushikwako, be n'ivyokorwa kugirango ubwo bushikiranjanji bushike kw'ihangiro ryabwo.

Amerekerezo y'iri tunganywa ni kugira Uburundi butere imbere, bufise uruhara rugaragara mw'ishirahamwe ry'ibihugu vyo muri Afrika y'Ubuseruko, abenegihugu bakahabonera akunguko, urwaruka rukabaho neza, inkino zigatera imbere n'imico kama igakingirwa.

Inama nshikiranjanji imaze guca hirya no hino iyo nteguro, **yarayemeje**, ivyashikirijwe navyo bikaba ari ibi bikurikira :

- Mu bikorwa bazorangurwa, hogumizwamwo ibigaragara neza ;
- Kumvisha Abarundi ko bakwiye kwijukira ibikorwa ku rugero rw'abo mu bihugu dusangiye ishirahamwe ryo muri Afrika y'Ubuseruko kugirango baje ku rugero rumwe;
- Kunyarutsa gutegura intunganyo y'ingene iyi ndinganizo y'imigambi izoshirwa mu ngiro ;
- Gutegura umugambi w'Igihugu werekeye inkino;
- Kunyarutsa gushiraho ikigo ndangamico n'akaranga c'igihugu ;
- Kugarukana mu gihugu ibintu ndangamico n'akaranga vyasahuwe mu gihe c'ubukoloni ;
- Mu ntunganyo y'ingene iyi ndinganizo y'imigambi izoshirwa mu ngiro :
 - Kwerekana ingene inkino n'imico kama vyoteza imbere igihugu ;
 - Kwerekana ingene hotezwa imbere igisata c'amareresi;
 - Kwerekana ingene horwanywa ihurumbirwa ry'ibisagara n'ubuyererezi mu rwaruka.

2. Integuro y'itegeko rishinga rikongera rigatunganya Igisata kijejwe gukurikirana imiti y'ibitungwa, iy'ibiterwa n'ibifungurwa vy'ibitungwa, « ABREVPA » (mu mpfunyapfunyo y'ururimi rw'igifaransa) , yashikirijwe n'Umushikiranjanji ajejwe ibidukikije, uburimi n'ubworozi

Mu Burundi igisata c'uburimy nico giteza imbere ubutunzi bw'igihugu ku rugero runini, kandi nico gikuru mu kurwanya inzaza.

Umugambi w'igihugu w'iterambere urerekana ko igisata c'uburimy giterera mu butunzi bw'igihugu ku rugero rungana n'ibice mirongo itatu n'icenda n'ibice bitandatu kw'ijana (39,6 %), kigatanga ubuzi ku rugero rungana ibice mirongo umunani na bine kw'ijana (84%). Nico gitanga ibifungurwa ku rugero rw'ibice mirongo icenda na bitanu kw'ijana (95%), kikaba kandi arico kinini gitanga ibikoresho mu mahinguriro y'ibifungurwa.

Kubera uburimy n'ubworozi bigenda bifatanye, Reta n'abo bafashanya mw'iterambere baratanguye igikorwa co guteza imbere igisata c'uburimy kugirango umwimbu wiyongere, mu kuzana mu gihugu ibitungwa vy'ubwoko bwiza be n'imbutu zirobanuye. Muri iyo ntumbero nyene, Reta irahamagarira abarimy-borozi kwijukira amakoperative, kugirango baronke ubumenyi bukwiye bubafasha muri uwo mwuga wabo.

Naho Reta ibandanya igira utwigoro twinshi, biraboneka ko igisata c'uburimy kirimwo ibibazo vyinsi, cane cane bifatiye ku ngwara z'ibiterwa bituma umwimbu utiyongera bikwiye.

Ibitungwa navyo nyene birakarirwa n'ingwara, bigakenera imiti nyayo kandi mu gihugu cose. Vyaba ibiterwa, vyaba ibitungwa vyose bitegerezwa gukurikiranirwa hafi, imiti ikaboneka, kugirango umwimbu wiyongere.

Kubera ivyo bibazo bifatiye ku buzima bw'ibitungwa n'ubwibiterwa, no mu ntumbero yo kwubahiriza ibisabwa n'ishirahamwe ry'ibihugu vyo muri Afrika y'Ubusuruko , birakenewe ko hashirwaho Igisata kijejwe gukurikiranira hafi imiti y'ibitungwa, iy'ibiterwa n'ibifungurwa vy'ibitungwa.

Niyo ntumbero y'iyi nteguro. Ishirwaho ry'ico gisata rizofasha mw'ikoreshwa neza ry'imiti y'ibitungwa, iy'ibiterwa n'ibifungurwa bihingurwa biva mu bitungwa no mu biterwa.

Inama nshikiranganji imaze kwihweza iyo nteguro, **yarayemeje**, ivyashikirijwe navyo ni ibi bikurikira :

- Ibijanye no kwigenga mu vy'uburyo vyokurwa muri iyi nteguro kuko ico gisata kizoba gikoresha uburyo kironswa na Reta;
- Ingingo zose zerekeye urwego nshingwantwaro zokurwa muri iyi nteguro kuko ntirukenewe muri iki gisata ata mahera cinjiza;
- Kuraba neza ko imirimo y'ico gisata ABREVPA yisunga ibisabwa ku rwego rw'akarere na mpuzamakungu;
- Kugira urugendo shule aha mu karere aho ivyo bisata bisanzwe biri mu ntumbero yo kuraba ingene bitunganywa;
- Kuraba ko igisata kijejwe gusuzuma ubuziranenge bw'ibidandazwa (BBN), n'ikijejwe gukurikiranira hafi igisata c'imiti n'ibifungurwa

(ABREMA) be n'iki kijejwe gukurikiranira hafi imiti y'ibitungwa, iy'ibiterwa n'ibifungurwa vy'ibitungwa ABREVPVA vyokorera mu nyubakwa imwe, kugirango abaza bavyitura borohere;

- Mu gihe co gushiraho igisata c'igihugu kizoba gikurira ivyo bisata vyose, hoshingwa umugwi woraba ko ata mirimo y'ivyo bisata yinjiranamwo ;
- Gusuzuma ubuziranenge bw'ibidandazwa canke ibihingurwa vyokorwa n'igisata kimwe.

3. Icegeranyo cerekeye ibijanye n'amatongo ari muri Zone Maramvya, Komine Mutimbuzi, Intara ya Bujumbura, rwashikirijwe n'Umushikiranganji ajejwe ibidukikije, uburimyari n'ubworozi,

Mu ntumbero yo gukoresha neza amatongo ya Reta no gutorera umuti amatati y'amatongo yibonekeza muri Zone MARAMYA, Ubushikiranganji bujejwe amatongo n'ubujwe intwari yo hagati mu gihugu bwaratunganirije hamwe igikorwa co kumenya amatongo ya Reta ari mu Maramvya.

Ubwo bushikiranganji bubiri bwarabandaniye igikorwa kugirango bumenye abari muri ayo matongo, no kugirango butorere inyishu irama amatati ashobora kuvuka. Ubwo bushikiranganji rero bwarashizeho umurwi ukaba wari ujejwe gutohoza ngo umenye abaronse amatongo biciye mu mategeko, n'abayagiyemwo batabifitiye uburenganzira.

Twokwibibutsa ko aho mu Maramvya hagizwe n'amatongo ari hagati y'amabarabara ya 12, 13, 14, 15 na 16.

Itohozwa ryakozwe kw'ibarabara rimwe rimwe ryose be no kw'itongo rimwe rimwe ryose. Ico gikorwa giheze, ivyatowe n'uwo murwi ni ibi bikurikira :

- Hagati y'ibarabara rya 12 n'irya 13, habonetse amatongo 378, yose akaba ari ayihagiwe ;
- Hagati y'ibarabara rya 13 n'irya 14, uwo murwi wasanze hari amatongo 208, 7 akaba ariyo yatanze hakurikijwe amategeko, 201 akaba ayihagiwe;
- Hagati y'ibarabara rya 14 n'irya 15, habonetse amatongo 2049, ayatanze hakurikijwe amategeko akaba ari 607, ayihagiwe akaba ari 432, ayangana 10 akaba yahawe abantu benshi, 965 nayo ari ku gice kitatunganijwe na Reta akaba ari yarihagiwe ;
- Muri Buterere igice co mu gisagara ca Bujumbura, amatongo 583 niyo yabonetse, muri ayo, 16 akaba yatanze hisunzwe amategeko, 567 nayo akaba yarihagiwe ;
- Ku karere kategerezwa gukingirwa, ku matongo 29 ahari, 3 niyo yatanze hisunzwe amategeko, 26 nayo yarihagiwe.

Uwo murwi waranashikirije n'ivyokorwa mu ntumbero yo gutorera umuti ivyo bibazo.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino ico kibazo n'ibishikirizwa n'uwo murwi, **yarashimye** igikorwa cakoze, kuko ico cegeranyo kiratanga umuco ukwiye kuri ayo matongo yo mu Maramvya. Yashikirije ibi bikurikira :

- Kumenyeshya abo vyega bose uko ibintu vyifashe;
- Guhagarika ibikorwa vyose vyo kwubaka ku matongo arimwo amatati;
- Gufata ingingo zose zibereye ku nyubakwa zishobora kubangamira abantu nk'izubatswe muni y'intsinga zitwara umuyagankuba;
- Kugarukana iki kibazo mu nama nshikiranganji abo ico kibazo cega bose bamaze kubimenyeshwa, kugirango ingingo ya nyuma ntabanduka ifatwe.

4. Integuro y'itegeko nshikiranganji rishinga urugero rw'umuzibukiro ku matongo y'abantu Reta ishimye kuranguriramwo imigambi yayo, yashikirijwe n'Umushikiranganji ajejwe ibidukikije, uburimi n'ubworozi .

Uburundi bwarashizeho umugambi munini w'iterambere.

Irangurwa ry'ibitegekanijwe muri uwo mugambi bisaba ko rimwe rimwe Reta yikora ku matongo yayo canke ay'abenegihugu, arimwo imirima canke amazu. Iyo Reta yikoze ku matongo y'abenegihugu iratanga umuzibukiro.

Uwo muzibukiro rero ushobora kuba amahera, canke irindi tongo n'amahera afasha uwo muntu kwimukira ahandi, igikuru kukaba ari uko uwo muntu atarenganywa.

Amategeko agenga amatongo ategukanya ko urugero rw'umuzibukiro rushingwa n'itegeko nshikiranganji, umurwi w'igihugu ujejwe amatongo ukaba ubanza kugira ico ushikirije. Urwo rugero rw'umuzibukiro rutegerezwa kuza rurashirwa ku gihe. Ubu rugengwa n'itegeko ryo mu mwaka w'2008.

Vyarabonetse muri ibi bihe ko haba impari ku batswe amatongo yo kuranguriramwo imigambi kuko kwumvikana kuri uwo muzibukiro bigorana, bigatuma iyo migambi idindira, Reta ikahatakariza ibitari bike.

Kubera igihe iryo tegeko nshikiranganji rimaze, be n'ivyagiye birahinduka kuva rigiyeho, harageze ko risubirwamwo kuko urugero rw'umuzibukiro ritegekanya rutakijanye n'ibihe turimwo.

Inama nshikiranganji imaze kwihweza iyo nteguro yashikirijwe, **yarayemeje**, ica ishikiriza ibi bikurikira :

- Ishingwa ry'urugero rw'umuzibukiro, ryofatira k'ukugene ubuzima bwifashe muri iki gihe;
- Mu gushinga umuzibukiro, hofatirwa ku kintu uko kiri, igiti kikaba igiti bakaraba n'imyaka kimaze, canke ari igiterwa hakarabwa ivyo camye ;
- Hokwerekanwa urugero rw'umuzibukiro utangwa ubu, n'urugiye gushingwa;
- Iri tegeko ryoshirwako umukono n'abashikiranganji babiri : uwujejwe uburimi n'ubworozi hamwe n'uwojwe ikigega ca Reta;
- Amahera yo gukotesha amazu arakwiye gushingwa, hakisungwa aho inzu iri n'ingene imeze.

5. Integuro y'itegeko nshikiranganji ritunganya akazi mu Burundi ku banyamahanga no kubakomoka mu bihugu bigize ishishamwe ryo muri Afrika y'Ubuseruko, yashikirijwe n'Umushikiranganji w'abakozi ba Reta n'akazi

Itegeko ritunganya akazi mu Burundi ku banyamahanga rirakwiye gusubirwamwo kugirango rirorandishwe n'amategeko yandi yo mu bihugu bigize ishishamwe ry'ibihugu vyo muri Afrika y' Ubuseruko, na cane cane Amasezerano ashingira iryo shishamwe.

Nkako, amasezerano ashiraho isoko rusangi ry'iryo shishamwe Uburundi bwemeje, ateguka ibihugu birigize gushiraho amategeko asa, kugirango boroshe ihananwa ry'abakozi.

Iyi nteguro rero ije gusubirwamwo itegeko ryari rihari ritakijanye n'igihe, ikongera igashirwamwo n'izindi ngingo zorohera abakozi baturuka mu bihugu bigize iryo shishamwe.

Inama nshikiranganji **yaremeje** iyo nteguro.

6. Integuro y'itegeko nshikiranganji risubirwamwo itegeko nshikiranganji n°630/1 ryo ku wa 05 Nzero 1980 ritunganya akazi ku bana, yashikirijwe n'Umushikiranganji w'abakozi ba Reta n'akazi

Mu ntumbero yo gushira mu ngiro ibiri mw'ibwirizwa rishasha rigenga akazi mu Burundi, birakenewe ko itegeko nshikiranganji ritunganya akazi ku bana risubirwamwo rigashirwa ku gihe, kuko iryo bwirizwa rirabishimikira cane. Iryo tegeko rirakeneye gusubirwamwo kandi kugirango riyisunge n'ayandi masezerano mpuzamakungu ajanye n'akazi ku bana Uburundi bwemeje.

Iyi nteguro rero ifise intumbero yo kwubahiriza uburenganzira bw'abana mu bijane n'akazi, hafatiwe ku myaka, be n'ibikorwa bahamagarirwa gukora.

Iyi nteguro ije gutosora ingingo ziri mw'ibwirizwa rihari zitakijanye n'igihe, no gushiramwo izindi nshasha zikingira abana kandi zifatiye k'ukugene dusanzwe tubayeho mu gihugu cacu.

Iyi nteguro iratomora ko ata mwana yokora ibirengeye inguvu ziwe, be n'ibishobora kumubangamira mu buryo ubw'aribwo bwose.

Iravuga ko ata mwana yemererwa gukora akazi imbere y'imyaka 16, kiretse mu bijanye n'ivyigwa canke ibikorwa vyo mu nzu canke mu mirima.

Iravuga kandi amasaha y'akazi ku bana, ikabuza akazi k'ijoro be n'akazi karengaye inguvu, n'akazi kose gashobora kubangamira amagara yiwe.

Inama nshikiranganji imaze guhanahana ivyiyumviro kuri iyo nteguro, **yarayemeje**, ica ishikiriza ibi bikurikira:

- Kwumvisha abavyeyi ibikorwa bibujijwe ku bana;
- Gushira iri tegeko mu rurimi rw'Ikirundi kugirango vyorohe kurimenyekanisha.

7. Integuro y'itegeko nshikiranganji rishinga ibisabwa mu kwemera ko hugururwa ishirahamwe ryigenga rijejwe kuronderera abantu ubuzi, yashikirijwe n'umushikiranganji w'abakozi ba Reta n'akazi

Muri iyi myaka, Abarundi baja kurondera akazi hanze y'igihugu cane cane mu bihugu vyo mu Kigobe n'Abarabu baguma batabaza.

Hamaze kwihwezwa ingene abakozi b'Abarundi bagenda ku bwinshi gukorera mu bindi bihugu, vyarabonetse ko ico gisata gikeneye gukurikiranirwa hafi, hakajaho n'amategeko.

Ni muri iyo ntumbero ubushikiranganji bufise ico bubazwa mu bijanye n'abaja hanze kurondera akazi, kwasabwe gukora ibishoboka aha mu gihugu no ku bihugu abo bakozi bajamwo, kugirango ico cuka gihere, kandi ico gisata gitunganywe neza.

Nico gituma muri Nzero 2021, Ubushikiranganji bujejwe akazi bwahagaritse ibikorwa vya mwen'ayo mashirahamwe y'abikorera ivyabo yaronderera ubuzi Abarundi hanze y'igihugu.

Inyuma y'ishirwaho ry'igitabu gishasha c'amategeko agenga akazi, itegeko nshikiranganji ritunganya mwen'ayo mashirahamwe rirakeneye gusubirwamwo, kugirango ryunganire ayo mategeko agenga akazi, mu bijanye no gukurikiranira hafi mwen'ayo mashirahamwe, kuko iryo tegeko nshikiranganji risa n'uko ubu ryataye igihe.

Iyi nteguro rero ije gushira umuco muri bimwe bimwe vyerekeye ayo mashirahamwe yigenga yishinze kuronderera akazi abantu, cane cane hanze y'igihugu.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino iyo nteguro, **yarayemeje**, ica ishikiriza ibi bikurikira :

- Gutandukanya ingingo zerekeye abarondererwa akazi aha mu guhugu n'abakarondererwa hanze y'igihugu ;
- Mu kuronsa uruhusha rwo kuronderera akazi abantu hanze y'igihugu, ishira hamwe ryosabwa imiliyoni ijana (100) z'amafaranga y'amarundi;
- Kwerekana muri iyi nteguro uruhara rw'ubushikiranganji bujewe imigenderanire muri ico gikorwa;
- Mu bijanye n'agahembo k'abo bakozi baja gukorera hanze y'igihugu, hokwigwa ingene nabo nyene borihishwa ikori ku mushahara;
- Gusaba ayo mashirahamwe ivyemeza ko hari ishira hamwe bakorana rifise icicaro muri ico gihugu abakozi barungitswemwo;
- Abakozi bobanza kwigishwa imico y'igihugu bimirije kurungikwamwo.
- Iri tegeko ryoshirwako umukono n'umushikiranganji ajejwe akazi be n'uwujewe imigenderanire.

8. Amasezerano y'umwumvikano mw'irangurwa ry'umugambi wo gushikana umuyagankuba mu ntara no ku mitumba yo mu Burundi hagati ya Reta y'Uburundi n'ishirahamwe VIRUNGA POWER, yashikirijwe n'umushikiranganji w'amazi, amasoko ntanganguvu, ubutare n'agataka.

Ibice bigera hafi ya mirongo icenda kw'ijana (90%) vy'Abarundi ntibagira umuyagankuba.

Reta yarafashe mu minwe ico kibazo ica irashira no mu mugambi w'iterambere ibijanye no kugwizwa uwo muyagankuba ku buryo butavuna, mu kugwiza aho uhingurirwa, no mu gutunganya ingene ushikira abawipfuza.

Mu gushika kuri iryo hangiro, Reta yipfuza gukorana n'abikorera ivyabo kugirango uwo muyagankuba ushike mu gihugu hagati hose kandi ningoga.

Ishirahamwe Virunga Power n'abo bakorana, barashikirije icipfuzo co kurondera uburyo bwobafasha gukora ivyigwa vyerekeye ingene umuyagankuba woboneka mu ntara no ku mitumba yo mu Burundi.

Iryo shirahamwe ryaramaze kubona aho uburyo bwova, rikaba ritegekanya rero kugiranira amasezerano nyezina na Reta y'Uburundi inyuma y'aya masezerano y'umwumvikano.

Aya masezerano y'umwumvikano afise intumbero yo kwerekana ingene iryo shirahamwe rizofashanya n'ubushikiranganji bujewe amasoko ntanganguvu mu gushiraho amasezerano nyezina yerekeye ingene rizokorana na Reata y'Uburundi mu kurangura uwo mugambi wo gukwiragiza umuyagankuba mu gihugu hagati.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino iyo nteguro, **yarayemeje**, ica isaba ko hotomorwa ko ayo masezerano y'umwumvikano azomara ikiringo c'amezi cumi n'abiri.

9. Icegeranyo cakoze n'umugwi washinzwe ngo utegure urupapuro rw'inzira rwerekeye ishira mu ngiro rw'ivyapfundistwe n'inama nshikiranganji yo ku wa 29 Nyakanga 2021 ku bijanye n'inagurwa ry'ishirahamwe Onatel, cashikirijwe n'umushikiranganji ajejwe kumenyeshya amakuru, ubuhinga bwa none bwo gutumatumanako amakuru n'ibimenyeshamakuru

Kw'igenekerezo rya 29 Nyakanga 2021, Inama nshikiranganji yarihweje urwandiko rwerekeye ingene ishira mu Onatel ryifashe, n'ingene ryonagurwa. Iyo nama nshikiranganji yari yashinze ibi bikurukira :

- Kunagura uburongozi bw'ishirahamwe Onatel kugirango bushobore gushira mu ngiro ingingo zoba zifashwe mu ntumbero yo kunagura ishira mu Onatel;
- Kwemerera Ishirahamwe Onatel kurondera abakozi b'abahinga no gukarahiriza ubumenyi abo bishoboka, ariko ata mahera yiyongereye ku yategekanyijwe ;
- Kuraba neza mu bice vy'imitahe canke ayandi matungo ishira mu Onatel rifise, ivyo ata kinini bicinjiza bikagurishwa kugirango rishobore kuriha amadeni amw'amwe. Ishirahamwe Onatel rirakwiye kandi kuraba ivyo riheraniwe rikavyishuza;
- Kurondera abahinga banonosoye ibijanye no gusuzuma (audit externe) bagasuzuma muri rusangi ingene Ishirahamwe Onatel ryifashe, n'ico korwa kugirango rinaguke. Boca banagirako bagasuzuma ingene ishira mu HUAWEI ryakoresheje ideni ryo kunagura Onamob Reta yafashe
- Kuraba ko ideni Reta yafashe ryo kunagura Onamob ritakingiwe (assurance);

- Kurondera uburyo bwo kunagura umuhora wa telefone isanzwe, aho muri uwo muhoro umwe hojamwo telefone, interenete, n'imboneshakure ;
- Guhimiriza Ibisata vya Reta gushorera ishira hamwe Onatel, ariko naryo rigasabwa gutanga ibimeze neza ku rugero rw'abikorera ivyabo;
- Guharura amatungo y'ishira hamwe Onatel, hakerekanwa icyo aciye, akongera agakoreshwa neza ;

Harashinzwe rero umugwi woshiraho urwo rupapuro rw'inzira, ukaba wacyiye utegura uru rwandiko rwizwe.

Uru rwandiko rurekana ivyorangurwa bifatiye kuri ivyo Inama nshikiranganji yari yashinze, uburyo bukenewe, ibirango, be n'abazoba bajajwe kubishira mu ngiro.

Muri iyo ntumbero nyene yo kunagura ishira hamwe Onatel, uwo murwi urashikiriza n'ibindi vyokorwa bisanzwe biri mu ndinganizo y'ubushikiranganji, be n'ibisanzwe vyarategekanijwe kurangurwa n'ishira hamwe Onatela mu kiringo c'imyaka itanu, ivyo bikaba vyoza vyunganira ibiri muri uru rupapuro rw'inzira.

Ishirwa mu ngiro ry'ibiri mu rupapuro rw'inzira bisaba uburyo bungana n'amahera y'amarundi miliyaridi ijana na mirongo itanu na zitandatu, miliyoni mirongo umunani n'umunani, ibihumbi amajana indwi na mirongo ibiri n'icenda n'amajana abiri na mirongo ine n'ane (**156.088.729.244 BIF**), ibindi bikorwa bitari mu rupapuro rw'inzira navyo bikaba bisaba amahera y'amarundi angana na miliyaridi mirongo icenda na zitanu, miliyoni amajana ane na mirongo indwi n'indwi n'ibihumbi amajana ane na mirongo ine na bitanu n'amajana icenda (**95.477.445.900 BIF**).

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino urwo rwandiko, yasanze icyo yipfuzaga **kitashitsweko** n'uwo murwi, icyo ishikiriza ibi bikurikira

- Gushiraho umurwi ugizwe n'abahinga bo mu Biro vy'Umukuru w'Igihugu, abo mu biro vy'Umushikiranganji wa Mbere n'abo mu bundi bushikiranganji bumwe bumwe, kugirango bashireho ibizisungwa mu gikorwa co gusuzuma Ishira hamwe Onatel ;
- Gushiraho umurwi wigenga w'abahinga b'Abarundi uzokwiga ingene ishira hamwe Onatel ryonagurwa ufatiye ku butunzi rifise ;
- Mu bijanye n'abakozi, kuraba abasanganywe ubuhinga bakaguma bakora, abandi bakarondererwa akazi ahandi, abandi bagatekererwa bagataha.

10. Utuntu n'utundi

- Umushikiranganji ajejwe inyubakwa, ibikorwa n'ibikoresho vya Reta no kugwiza uburaro yaramenyesheshe ikibazo kijanye n'ukuronka ibikoresho vyo kwubaka ku buryo buzimbutse mu kubigurira iyo bihingurirwa canke bitarinze guca kuri benshi. Ico kibazo gifatiye ku kubera bamwe bamwe batemera uburyo bukoreshwa na Reta mu kuriha birinze guca mu mpapuro. Inama nshikiranganji **yasavye** ko Ibiriro vy'Umushikiranganji wa Mbere, ubushikiranganji bujejwe inyubakwa be n'ubushikiranganji bujejwe ikigega ca Reta boja hamwe bakaraba inzira ibereye kugirango ico kibazo gitorerwe inyishu.
- Umushikiranganji w'intworo yo hagati mu gihugu, iterambere rusangi n'umutekano yaramenyesheshe inama nshikiranganji umugambi wo gutanguza kwubaka ibigwati. Ihangiro nyamukuru ni uko abantu boba heza bakaronswa ivyo bakenera vyoroshe, n'iterambere rusangi rikiyongera.

Mu mwanya wa mbere, uwo mugambi uzorangurwa hakoreshejwe uburyo Reta ironsa amakomine. Kuzoba ari ukwereka abipfuza gufata mu mugongo uwo mugambi uturorero tw'inzu Reta yipfuza kwubaka muri ivyo bigwati. Inama nshikiranganji **yarashimye** ico gikorwa kije gushira mu ngiro politike ya Reta. Ivyo bigwati vy'akarorero bizokabura abipfuza gushigikira Reta muri uwo mugambi wagutse wo kwubaka ibigwati.

- Umushikiranganji ajejwe kumenyesha amakuru, ubuhinga bwa none bwo gutumatumanako amakuru n'ibimenyeshamakuru, yaramenyesheshe ibijanye n'umuhora ngurukanabumenyi uhari, ufasha n'abashikiranganji guhanahana amakuru hagati yabo. Ni uburyo bumwe bwo gushira mu ngiro Umugambi w'igihugu wo guteza imbere ubuhinga bwa none bwo gutumatumanako amakuru utegekanya gukwiza ubwo buhinga mu bisata vya Reta vyose. Ihangiro ni uko ubuzi bwa Reta bworangurwa hakoreshejwe ubwo buhinga bwa none kuko butuma iterambere ryiyongera.

Inama nshikiranganji **yamusavye** gutegura urwandiko rujanye n'ico gikorwa akazoheza akarushikiriza Inama nshikiranganji.

Bigiriwe i Bujumbura, igenekerezo rya 06 Ndamukiza
2022

Umunyamabanga Mukuru wa Reta akaba n'Umuwuguzi
wayo

Prosper NTAHORWAMIYE